

Nan pati sa a nan liv la, ou pral aprann kisa diktati ye. Ou pral jwenn kèk enfòmasyon sou demokrasi, jistis ak libète.


Tout bagay sa yo ap akonpanye ak jwèt epi aktivite !



Mwen rele : \_\_\_\_\_

Mwen gen \_\_\_\_\_ lane

Mwen nan klas : \_\_\_\_\_




M ap desine pòtrè mwen

## Kisa yon diktati ye ?

Yon rejim politik, se jan moun jere pouvwa nan yon peyi. Diktati se yon rejim politik kote yon sèl chèf kenbe tout pouvwa yo nan men l. Se sa yo rele yon rejim bout di.

Kòman yon diktatè dirije yon peyi?



## Yon diktati nan peyi Dayiti


Nan jou ki te 22 septanm 1957, François Duvalier te vin prezidan. Byen vit li tabli yon diktati e li te genyen yon gwoup moun ak zam yo te rele tonton makout ki te ede l rete sou pouvwa a.

Nan lane 1964, Francois Duvalier déclare tèt li prezidan avi. Rejim bout di a te kontinye, li te fèmen anpil moun nan Fò Dimanch, yon prizon ki te terib anpil. Yon pakèt ayisyen te sove nan peyi lòtbò dlo.

François Duvalier te mouri nan dat 21 avril 1971, men li te gen tan chanje konstitisyon peyi a pou li te ka remèt pouvwa a bay pitit li Jean-Claude Duvalier ki te gen 19 lane. Nan epòk sa a, peyi a te sanble t ap devlope, men pwogrè sa yo te limite, epi tou rejim lan pa t tolere okenn oposisyon.

François ak Jean-Claude Duvalier te rete sou pouvwa a pandan 29 lane. Rejim sa a te lakòz anpil krim, koripsyon ak piyaj kès Leta.

Rale premye lèt nan chak mo pou jwenn mo ki kache a.



Demokrasi se yon rejim politik kote pouvwa a se pou tout sitwayen yo.

Nan jounen eleksyon, mwen pral vote pou moun mwen vle ki pou reprezante m pami dirijan peyi a.

M ap chwazi :

- Yon prezidan ki pral dirije peyi a
- Yon palman ki gen ladan i 30 senatè ak 119 depite ki pral diskite epi vote lwa




Prezidan ak Palman dwe chita ansam pou chwazi Premye Minis lan. Premye Minis lan ak Prezidan an yo fòme yon ekip ak plizyè lòt minis ankò, se sa yo rele i gouvènman an. Travay gouvènman an se aplike lwa yo ak fè peyi an mache. Premye Minis lan ka ranplase Prezidan an lè i pa la.

Nan yon demokrasi, se reprezantan pèp yo ki pataje pouvwa a. Yo se sitwayen ak sitwayèn menm jan ak ou pèp la chwazi pou yon tan.

Dapre deskripsyon ki bay yo, lye chak pèsonaj ak desen ki reprezante li la


Mwen rele Rubina. Gen 30 moun menm jan avè m pèp la chwazi nan elekson pou nou ka reprezante li ak travay pou li pandan 6 zan.

**Mwen se yon**



Mwen rele Juste. Mwen se chèf Leta. Mwen genyen gwo responsabilite, tout moun konte sou mwen pou peyi a byen mache. Manda mwen dire 5 lane..

**Mwen se**



Non pa m se Josepha. Mwen fyè pou mwen travay pou peyi mwen pandan 4 lane. Mwen mete bèle kolye mwen pou mwen fè yon foto ak 119 kolèg mwen yo.

**Mwen se yon**



Yon konstitisyon se yon dokiman ki di kijan leta dwe organize e kijan li dwe mache.

Nan lane 1987, apre Jean-Claude Duvalier te fin ale, plizyè pèsonalite nan sosyete sivil la te reyini pou yo ekri yon konstitisyon tou nèf, ki dwe anpeche nenpòt chèf Leta tounen yon diktatè.

Fè yon kwa sou tout sityasyon kote moun ap viv nan diktati, epi antoure tout sisyasyon kote moun ap viv nan demokrasi :

Prezidan an eli pou 5 lane.

Si ekip foutbòl nasyonal la pèdi yon match, jwè yo ka ale nan prizon


Jodi a se jounen elekson. Mwen dwe ale nan yon biwo vòt ak pyès idantite m pou m ka vote pou kandida m ap sipòte a.

Si mwen volè telefòn yon moun, lapolis ka arete m pou mwen jije

Prezidan an la avi

Dapre lalwa peyi m, fòk mwen abiye chak vandredi toudehouj.

Ou se yon sitwayen lè w gen dwa ak devwa. Eske ou konnen dwa w ak devwa w ?



Se Lalwa ki di ki dwa ak devwa abitan yon peyi genyen. Lwa yo ekziste pou chak moun ka lib pou fè sa yo vle san yo pa nwi lòt moun.

Diktatè a pa gen limit. Se lafòs ki ranplase dwa. Li bay tèt li dwa chanje lwa yo jan l vle, nan enterè pa l sèlman. Lwa sa yo fèt sou baz enjistis ak gwo ponyèt, yo pa fèt pou itil tout moun.

Lè yon pouvwa pa respekte dwa moun, nou gen dwa leve kanpe kont li epi refize lwa li fè yo. Se sa yo rele « moun pa obeyi lalwa ». Pèp la chwazi pa respekte yon lwa k ap fè l abi.

Jwenn mo ki kache nan tablo sila a

N	K	E	L	E	K	S	Y	O	N	P
S	M	I	U	W	C	K	C	O	A	V
A	I	R	T	O	L	E	R	A	N	S
V	P	X	D	E	V	W	A	G	N	B
J	I	S	T	I	S	J	M	V	S	M
G	V	A	T	L	W	A	P	V	F	Z
C	U	P	Z	G	N	N	T	Z	G	L
R	S	E	W	B	H	V	W	V	R	W
X	M	U	D	W	A	I	V	F	Z	N
V	R	E	S	P	È	F	G	H	G	D
H	V	D	A	H	R	V	V	B	T	O

Mete mo yo nan bon lòd epi ekri fraz ou jwenn lan

SAN

POUVWA

RESPÈ

VYOLANS

MENNEN


Repons : Pouvwa san respe mennen vyolans

Yon bon dirijan dwe respekte tout sitwayen ak sitwayèn. Gen pouvwa pa bay dwa pou fè abi.

Respè se pa lè w mache tèt bese, lè w dou ak tout moun oubyen lè w pè moun. Ou respekte lòt moun lè w ba yo valè paske yo se moun. Sa ki pa respè se mepri.

Lè yo inyore w, maltrete w, meprize w, li difisil anpil pou respekte lòt moun. Pou w santi w moun ou bezwen respè.

Kisa yo rele enpinite ?



Lè w ap viv nan yon rejim kraze zo, li difisil pou yon moun santi l responsab. Obeyi san reflechi pa jistifye zak vyolans. Ou dwe refize obeyi a yon lòd si l pa bon.

Sou diktati fanmi Divalye a, gen solda ki te konn ede moun y ap pèsekite, al kache epi ede yo kouri kite peyi a.

Nan yon diktati, gen moun ki fè gwo zak malonèt ki pa pini. Gen lòt moun ki pran prizon oubyen yo touye menm lè yo pa fè anyen ki mal.

Apre yon diktati, lajisits dwe travay pou jije ak kondane koupab yo. Pafwa lajistis dwe chanje lwa yo pou sitiyasyon sa a pa janm rive ankò.

Nan demokrasi gen defwa li difisil pou jwenn jistis oubyen jwenn moun ki koupab nan zak sasinaj. Nan peyi Dayiti, gen yon bann ak yon pakèt sitwayen ak sitwayèn ki pa janm jwenn jistis alòske yo gen dwa pou yo viv nan lapè andedan peyi yo. Pou tabli demokrasi nan yon sosyete, li enpòtan pou nou kwape enpinite.

Pou chak mo ki di sa yon diktati ye, jwenn mo kontrè a k ap mennen nou nan demokrasi.

- |                   |                       |                     |                       |
|-------------------|-----------------------|---------------------|-----------------------|
| <b>LIBÈTE</b>     | <input type="radio"/> | <b>BLIYE</b>        | <input type="radio"/> |
| <b>MEMWA</b>      | <input type="radio"/> | <b>DIKTATI</b>      | <input type="radio"/> |
| <b>ENJISTIS</b>   | <input type="radio"/> | <b>BABOUKÈT</b>     | <input type="radio"/> |
| <b>ENFÒMASYON</b> | <input type="radio"/> | <b>ENJISTIS</b>     | <input type="radio"/> |
| <b>PINISYON</b>   | <input type="radio"/> | <b>ENT`ÉDIKSYON</b> | <input type="radio"/> |
| <b>DEMOKRASI</b>  | <input type="radio"/> | <b>ENPINITE</b>     | <input type="radio"/> |



### Annou dekouvri metye jounalis

Metye jounalis se bay nouvèl sou sa k ap pase nan peyi a ak nan rès mond lan. Li lib pou l bay opinyon li, fè desen pou l kritike moun ak sitiyasyon. Men li pa ka ekri nouvèl ki pa vre ni bay manti.

Gras ak travay jounalis yo, moun yo ka reflechi poukont yo epi yo ka gen lide pa yo sou anpil bagay.

Diktatè yo anpeche jounalis yo bay nouvèl ak pataje lide ki pa ale nan menm sans ak pa diktatè a. Lame ak lapolis ap veye medya yo, menase oswa menm touye jounalis. Yon diktati itilize pwopagann tou : gouvènman an gen pwòp medya pa l kote l ap gaye lide pa li. Epi yo mete baboukèt pou entèdi lòt medya ki pa vle bay nouvèl la jan gouvènman an mande l la.

Enfòme se yon dwa. Lè pa gen libète pou laprès, pa gen libète pou pale sa w pito.

**Baboukèt:** journal, liv, dwe jwenn otorizasyon pou yo soti

**Laprès:** radyo, televisyon, jounal



Mwen gen dwa pa dakò epi m gen dwa fè moun konn sa

Yvonne Hakim Rimpel te yon jounalis ki te batay pou fanm ak gason gen menm dwa politik.

Nan atik jounal li konn ekri yo, li pa t pè kritike, denonse enjistis ak zak malonèt. Nan lane 1957 li te kanpe kont kandida Franswa Divalye.

Nan lannwit 5 janvye 1958, plizyè patizan Divalye atake li, yo mennen l nan yon rak bwa kote yo fè l sibi vvolans. Se nan demen moun jwenn li epi pote l sekou. Li pran 2 mwa pou li geri. Depi lè sa a li pa janm ekri atik ankò.

Nan rejim bout di yo, anpil fwa yo fè kadejak sou fanm yo, yo imilye yo epi fè yo sibi abi. Se yon fòm vvolans yo rezève pou fanm yo.

Tout sitwayen gen dwa bay opinyon pa yo. Moun pa gen dwa fe vvolans sou yo akoz de sa.



**Yvonne  
HAKIM RIMPEL**

1906 – 1986

### Mwen gen opiyon m, fòk ou respekte l

Chwazi 4 moun nan lantouray ou (fanmi, zanmi, timoun, gramoun...) epi poze yo 4 kesyon sa yo. Repons yo ap diferan

Kijan ou rele ?				
Ki koulè ou pi renmen ?				
Ki atis ou pi renmen ?				
Ki ekip foutbòl ou pi renmen ?				
Chante ak danse, kisa ou pi pito ?				

Kòman nou ka fè pou nou viv ansanm nan lapè ? Se pou nou aksepte ak respekte diferans nou ak sa ki fè nou pa dakò. Se sa ki rele tolerans.

## Onè Respè pou gran ekriven nou sa a yo rele Jacques Stephen Alexis

Nan tout peyi kote ki gen diktati, moun yo pa reziyen yo ak sa. Moun pa fasil bese bra lè yo vle pran libète yo. Anpil atis ak ekriven te met tèt ansanm pou yo batay kont diktati a.

Nan lane 2022 nou fete 100 lane depi ekriven nou an Jacques Stephen Alexis, te fèt. Se moman nou te bal bèl omaj epi fè wè menm kan li te yon gran ekriven, li te yon sitwayen angaje pou avni peyi l, se te yon gason ki gen kouraj.

Li te doktè, jounalis epi ekriven tou, li te renmen ayisyen parèy li yo e li t ap batay pou Ayiti vin miyò. Li te konn patisipe nan diskisyon sosyal ak politik nan epòk li. Nan lane 1960 li te voyaje pou li al chèche èd nan men lòt peyi pou l goumen kont dikta ti a.

Li retounen anba chal nan peyi Dayiti nan mwa Davril 1961, yo pran li nan Nòdwès epi nèg nan rejim Divalye yo fizye l.



**Jacques Stephen  
ALEXIS**

1922 – 1961

## Lèt a prezidan an

Nan mwa jen 1960, Jacques Stephen Alexis ekri yon lèt pou prezidan Franswa Divalye. Li pale de lanmou li gen pou peyi l epi li fè l konnen okenn moun pa ka anpeche l viv nan peyi Dayiti. Men kèk pawòl li te di nan lèt sila a.

« Nan nenpòt peyi sivilize mwen ta renmen al viv, [...] yo t ap resevwa m ak 2 bra louvri [...]. Men se nan tè bò isit zansèt mwen antere [...] Mwen sòti nan fanmi nèg ki te kreye patri sa a, ei se ladan l tou mwen deside viv e menm mouri. »

Menm lè li te ka viv pi byen lòt bô dlo, Jacques Stephen Alexis prefere viv nan peyi Dayiti, kote Lonbrik li makonnen ak zanset li, Jean Jacques Dessalines, nèg ki kreye peyi Dayiti.

« [...] Yo rele sa chèche fè moun pè [...] voye fè m pè se te yon fason pou m pa t sikile jan m vle. M ap redi w sa ankò se byen jwenn, ak byen kontre »

Y ap chache fè l pè

« [...] Antouka, Misye Prezidan, mwen ta renmen konnen si wi ou non nou pa dakò mwen gen dwa pou m viv nan peyi m, jan m vle. Se apre m fin voye lèt la m ap konnen tout bon vre kisa ki dèyè tèt ou. Nan ka sa a, mwen pral pran desizyon pi byen tankou moun k ap kreye, tankou doktè, tankou gason epi tankou sitwayen.

Eske li lib nan peyil? Li konn repons lan, li konnen l ap viv aba yon diktati, men li bay prezidan an defi poul ka rekonet sa.

## Ou menm tou, ekri yon lèt bay prezidan-t an !

Imajine yo kite w ekri prezidan-t peyi Dayiti. Kisa w t ap di !?

## Kòman moun viv nan yon diktati ?



Yon diktati se tankou yon gwo prizon. Diktatè a vle pou li kontwole tout bagay : li retire libète moun, li siveye tout deplasman moun anndan peyi a ak moun k ap soti nan peyi a. Si yon moun vle sikile, fòk li mande yon otorizasyon. Li te difisil anpil pou yon moun jwenn paspò. Sit-wayèn ak sitwayen yo pa santi yo an sekirite nan pwòp peyi yo. Yo pè pale pou moun pa denonse yo.

Depi nan Lekòl timoun yo aprann pou yo aksepte lide diktatè a. Yo entèdi moun fè deba. Si pa ka gen echanj lide, pa ka gen pwogrè ak konesans.

Pou yo ka chape anba kontwòl ak pèsekisyon diktati a, anpil ayisen ak ayisyèn prese kouri kite peyi a pou y al viv lòt bò dlo. Pou Ayiti se fòs travay li l ap pèdi. Ayisen yo pati al bay fòs kouraj nan lòt peyi y ap ede devlope pandan Ayiti te bezwen yo.



## Dwa pou gen idantite

Paspò ak kat idantite se pyès ofisyèl ki gen tout enfòmasyon sou ou : siyati w, non w, dat ou fèt ak kote w fèt.

Ou lib pou ale kote w vle.


Ranpli paspò w la epi kole yon foto w sou li.  
Pa bliye met siyati w!



AYITI / HAITI	
PASPÒ PASSEPORT	
Siyati/Nom	<hr/>
Non / Prénoms	<hr/>
Moun ki peyi / Nationalité	<hr/>
Dat le fèt / Date de naissance	<hr/>
Siyati mèt paspò a / Signature du titulaire	
<<<< HT <<<<<<<< HAITI <<< AYITI	

Mwen gen dwa konnen sa k te pase.

Pou konnen bagay ki te pase tout bon sou diktati a, Leta ak sosyete sivil la dwe travay ansanm pou chèche jwenn enfòmasyon sou sa. Leta ka fè jwenn achiv yo. Sosyete sivil la ka ranmase temwayaj, lèt, foto ki fè nou konnen istwa sa yo. Etap sa a enpòtan anpil pou sosyete a sispann ap pale de diktati, epi pou peyi a pran wout chimen devlopman.



**Achiv:** Tout dokiman ak enfòmasyon sou yon istwa pase.

## Mwen gen devwa pou m sonje moun ki viktim yo

Sou rejim kraze zo Divalye yo, te gen anpil anpil moun ki dis-parèt, yo touye anba bal, yo sasinen. Nou pa konnen ki kantite viktim egzakteman, men nou panse li te ka pou pi piti 40,000 moun. Peyi a dwe konte tout moun ki te viktim yo epi sonje yo. Komemore viktim sa yo se fè konnen enpòtans yo ak abi yo te sibi.

**Komemore:** raple moun yon istwa ki te pase



## Kolorye chak depatman peyi a ak yon koulè diferan



### Konsekans diktati a


Diktati a dezòganize peyi a, piye kès Leta ak anpeche peyi a devlope pandan 29 lane.

Pou yo te gen kontwòl peyi a, yo te konsantre tout aktivite yo nan Pòtoprens epi yo blyie lòt vil yo.

Yo defigire anviwonman an nan koupe pyebwa pou anpeche kamoken jwenn kote pou yo kache.


Kay pil sou pil yo kòmanse parèt lè yo te fòse moun andeyò yo vin Pòtoprens pou yo ka vin rele Viv Divalye, epi apre yo tou blyie yo nan Kapital la.

Diktati a febli tout enstitisyon peyi a tankou lajistis ak palman, paske koripsyon ak enpinite te vin gaye toupatou.



**Koripsyon :** se lè w itilize pouvwa w nan enterè pa w, oubyen lè w itilize lajan leta pou pwòp tèt pa w.

Ou konnen laverite, ou ka defann tèt ou kont manti !  
Ranpli meday ou a epi kolorye li.





## Jean Jak Kwakou ap rakonte sa li te viv sou epòk Divalye

Mwen sonje lè mwen te tandé nan radyo «yo bay grann vakans sou tout teritwa Repiblik la». O! Pa gen lekòl pou mwa janvye a! Natirèlman mwen te kontan lekòl fini., mMen tou paske m te wè kijan jèn yo te mobilize. Etidyan fakilte medsin yo te an fè grèv. Si l te reyisi, grèv la te ka bay rejim la yon gwo pataswèl. Yo te fèmen tout lekòl pPou anpeche etidyan yo rasanble, yo te fèmen tout lekòl. Nou te oblige òganize nou pou nou etidye pou kont nou, san pwofesè.

Sou rejim bout di a, pouvwa te vle foure bouch nan tout zafè k ap pase nan lavi nou. Tout mouvman, tout deplasman kote jèn yo t ap patisipe te bay rejim nan pwoblèm. Menm lè yon lekòl t ap òganize sòti pou elèv li yo, fòk li te gen yon otorizasyon. Yo te siveye tout sa nou panse. Kidonk, tout moun te sou pinga yo, tout moun sispièk. Si yon moun ou pa t konnen rive sou ou, se te fèmen bouch ou. Yo te rele sa fè blaka-wout sou yon koze. Gran moun yo pat pale politik devan timoun, pou yo pa al repete sa yo tandé sa yo tandé, epi mete tout moun nan kouri. Sa te kreye anpil sekrè nan mitan fanmi yo.

Sa difisil anpil pou eseye esplike nan yon temwayaj jan moun tap viv nan epòk sa a. Jèn yo te kontinye ap fè aktivite, òganize sòti. Men sa k te frape nou, se te jan laperèz te fe granmoun paran nou te pè epi wè yo kap aji tankou timoun: yo te oblige pale tou ba, yo pa t ka fè sa yo pi pito. Nou te santi paran nou yo pa t ka pwoteje nou, yo te pè.

Sa ki te make nou anpil tou, se moun k ap plede disparèt san moun pa konn poukisa. Te gen yon elèv nan klas frè m nan ki disparèt ak zanmi l pandan yo ta prale Jamayik, alòske yo te vle ale la paske yo renmen penti ak bagay atis. Mwen menm tou m tou te pèdi yon zanmi ki te disparèt ak tout fanmi li.

Lekòl mwen an te konn òganize konferans, ekspoze sou tout kalte koze. Moun nou pa envite vini, kidonk nou kanpe konferans lan. Nou fè

I pou sekirite nou, paske nou pa konn moun yo, nou pa t fè yo konfyans. Apre konferans sa yo, yon pwofesè nou, Lesli Maniga, te kite peyi a pou yo pa t arete l.

Gen yon kote sou epòk Divalye a ke tout moun konnen an mal, se Fò Dimanch. Se pa t yon prizon pou te fèmen kriminèl, men pito pou yo te kwape opozisyon politik la epi fè disparèt moun ki te parèt yon menas politik pou rejim nan.

Anpil jèn nan laj mwen te disparèt lè yo gen 16, 17 lane, paske yo t ap fè politik. Se te yon peryòd ki te di anpil, men en menm tan te gen anpil moun ki gen ase kouraj pou te goumen kont diktati a.

### Sylvie COICOU MERIDA



Mwen fèt Pòtoprens, papa m se ayisyen et manman m se kolonbyen. Mwen grandi Ayiti jiskaske mwen vin gen 18 lane. Apre bakaloreya, mwen pati nan peyi Lafrans, nan Pari pou mwen al nan inivèsite. Jounen jodi a mwen marye, mwen gen de ptit e mwen toujou ap viv nan peyi Lafrans. Malgré sa, Ayiti toujou sou kè m, mwen tounen vin vizite souvan. Mwen kontan patisipe nan yon pwojè k ap fèt pou timoun Ayiti. Mwen te pran anpil plezi pou ekri istwa Teyo ak TiDa, m espere w ap pran plezi pou li yo tou !

### Rosele HENRIQUEZ

Non atis mwen se "Rosieh". Mwen fet Okap, men m ap viv Potoprens. Lè mwen te timoun, kou desen se te moman prefere m nan klas, mwen te komanse ap desine ti istwa pou moun nan fanmi m. Lè mwen fin pase bakaloreya, mwen te ale nan ENARTS pou mwen te aprann A plastik ak ilistrasyon. Kounye a mwen granmoun, mwen fe ilistrasyon ak grafis pou mwen ka bay mo yo yon sans.



# EGALEGO

nou tout gen menm dwa

(EGALEGO) Liv sa a reyalize nan kad pwojè « Accès à la justice et lutte contre l’impunité en Haïti (AJULIH) », yon pwojè òganizasyon Avocats Sans Frontières Canada (ASFC) reyalize nan patenarya ak Fondasyon Konesans ak Libète (FOKAL), gras ak sipò gouvènman peyi Kanada atravè Affaires Mondiales Canada.

Liv sa a pa pou vann

**Tèks :** Sylvie Coicou Merida

**Ilistrasyon :** Rosèle Henriquez

**Grafis :** Ralph Dupoux

**Temwayaj :** Jean-Jacques Coicou

**Tradiksyon :** Jean Gerard Anis,

Danièle Magloire

**Kowòdinasyon :** Jonathan Pérodin,

Elizabeth Pierre-Louis

**Konsiltasyon :** Jacqueline Baussan,

Danièle Magloire



Fondasyon konesans ak libète  
Fondation connaissance et liberté



En partenariat avec



ISBN 978-99-935-6454-6



9 789993 564546

Dépôt légal : 22-07-441

Bibliothèque Nationale d’Haïti

ISBN : 978-99935-645-4-6

2eme trimestre 2022